



**Legliz Kreyen (Disip Kris)**

Nan Etazini ak Kanada

# Entwodiksyon sou lajistis & Gid pou etid

**« Nou se Disip Kris, Yon mouvman pou inite nan yon monn ki fann an miyèt mòso. Nou fòme yon pati nan Kò Kris la, nou akeyi tout moun bò Tab Seyè a menm jan Bondye te akeyi nou tou. »**

*(Deklarasyon sou Idantite Disip yo, nan Konsèy Jeneral 2008 lan)*

**« ... Tou sa Li [Seyè a] mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.»**

*Miche 6 :8*

Dokiman Entwodiksyon sou la Jistis sa te pwodi nan yon reyinyon sou la Jistis ke Disip yo te fè; se te yon reyinyon enfòmèl nan Legliz Kreyen la, kote ministè jeneral yo ak kèk envite te reyini pou yo kominike, koopere ak kowòdone kèk efò kolaboratif konsènan sosyete a epi kijan yo ka defann lajistis nan legliz ak nan sosyete a.

## ENTWODIKSYON

***Yon pasyon pou lajistis se yon pwolonjman natirel de lanmou nou genyen pou Bondye e pou pwochen nou. Lè nou renmen Bondye tout bon, nou renmen e konsidere tout pitit Bondye yo kòm frè nou. Chak jou, lespri nou rekonèt chak pitit Bondye tankou yon moun ki fè pati kominote kote nou ye a, nan Kris. E menm jan nou ta renmen pou nou viv plenitid sa pou pwòp tèt nou, se konsa nou dezire plenitid sa pou lòt yo.***

Livrè sa genyen 4 reflekyon. Chak grenn prezante yon fasèt nan definisyon yon disip, yon moun k'ap swiv Kris vivan an. Lè nou aji tankou yon disip, se konsa n'ap kapab viv plenitid ke n'ap chèche a nan yon monn ki fann an miyèt mòso. Se plenitid sa ke Bondye te bay nou ki fè ke nou santi nou konsène pa sa ki lakòz kondisyon monn ki fann an miyèt mòso. Konsa, n'ap chèche diskite sou divizyon ki fè nou mal anpil yo, e n'ap chèche kreye yon legliz ki vrè e ki ap chèche la rekonsilyasyon/anti rasis. Nan dèyè do livrè sa, n'ap jwenn kesyon ke nou ka itilize pou etid nou yo.

- **April Johnson** (Minis pou la rekonsilyasyon nan Ministè Rekonsilyasyon an) ap ede nou konprann ke lè ou ap retire kò w menm jan Jezi te fè l la, li pèmèt ou ka bay tèt ou ankò.
- **Pat Donahoo** (Direktris Egzekitif pou Biwo Fanm Disip yo) ap fè nou konnen ke vrè kominote ke n'ap chèche a, se lè n'ap chèche « reflète enpòtans sa ke Bondye te kite pou nou nan Jezi-Kris... selebre, respekte epi valorize youn lòt. Kòm nou se kò Kris la, yon vrè kominote kap chèche lajistis ak lanmou pou tout pitit Bondye yo. »
- **Ken Brooker Langston** (Direktè Egzekitif pou Sant Temwanyaj Piblik Disip yo) ap raple nou ke « definisyon lajistis, se (...) lè nou soutni epi nou respekte diyite, valè

ak egalite chak moun tankou sè nou ak frè nou, ki kreye a limaj Bondye epi ki fè pati fanmi Bondye a tout bon. »

- **April Johnson** et **Ken Brooker Langston** ap mete anfas sou pwen sa : lè yon legliz pou la rekonsilyasyon ak antirasis (...) sa mande pou toujou gen yon konvèsasyon, menm si konvèsasyon yo difisil, fòk gen konfèsyon ki onèt ak vrè angajman tou.
- Nan konklizyon an, **Amy Gopp**, ansyen direktis pou Semèn Konpasyon an, raple nou pou nou sonje ak pratike ansyen pratik nou antan ke Disip : « Lè nou Kominye sou Tab Senyè nou an (Sent Sènn), nou aprann pou nou renmen youn lòt pandan nou reyini ansanm pou nou manje, san nou pa diskrimine youn lòt pa rapò a laj li, sèks li, klass sosyal li, ras li, oryantasyon seksyèl li, apatenans etnik li, afilyasyon politik li, andikap li oubyen non li.»
- **Pat Donahoo** ba nou yon gid pou etid ke nou ka itilize nan ti gwoup kote nou ka eksplòre epi debat kèk panse ak lide. Ladann ou ap jwenn kèk sigiesyon ak refleksyon nou ka itilize. Kom Disip yo rekòmande sa, nou sigjere nou pou nou tèmine chak rankont ak yon moman adorasyon bò Tab Senyè a (Sent Sènn).

Pandan n'ap li deklarasyon sa yo epi nou ap pran tan pou nou etidye yo, mwen envite nou pou nou imajine yon tab. Imajine ke tab sa si tèlman laj, ke ou paka imajine yon tab pi laj ke sa an Espri. Imajine ke lajè tab sa etann sou plizyè kilomèt e ke tab sa travèse tan, pou l rive jiskote Jezi chita kòm Tèt la e kote tout pitit Bondye yo jwenn yon plas pou yo chita kòm yon manm ki presye nan fanmi a.

### **Sharon E. Watkins**

Minis Jeneral e Prezidan  
Legliz Kreyèn (Disip Kris)  
Nan Etazini ak Kanada



## ESPIRITYALITE KRETYÈN PWOFFON

***«Lè li fin voye yo ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou l lapriyè. Solèy te fin kouche, li te la toujou pou kont li.» Matye 14 :23***

Ant mirak kote 5 mil moun te jwenn manje ak mirak kote li te mache sou dlo a, nou jwenn Jezi ki anwo montay la ki ape priye pou kont li. Nan Ansyen Kontra, nan premye liv Wa yo, ou wè Eli, lè li finn chase pwofèt Baal yo, ki chita anba yon pye bwa bayawonn e kote yon zanjan t'ap ba li manje. Eksperyans sa mennen l nan gwòt mòn Orèb la, kote li te tande vwa Bondye ki dous e kalm. Li te mèt nan yon moman kote ou vle retire ou de ministè ou, oswa pou yon renouvèlman pèsònèl, oswa si nou vle chape de ministè nou pou nou ka jwenn lapè, Jezi toujou rete la, nan pòt kè nou epi l'ap fwape. Kòm nou se disip e moun k'ap sèvi Kris – Manm Legliz Kreyèn (Disip Kris) – nou gen privilèj sa pou nou aplike espirityalite kreyèn pwofon kòm yon eleman ki enpòtan nan idantite nou.

Nan yon liv ki te revolisyone epòk kote l te pibliye a, e ki te dedye a legliz lane 2020 yo, Dick Hamm banou yon definisyon nou ka pratike de espirityalite kreyèn pwofon : « ... yon mòd de vi kote nou ka marye « kiyès » nou ye e « sa » nou ye a kiyès Bondye ye e sa li ye ki te revele a nou menm nan Jezi-Kri e ke nou eksperimente avèk Sentespri a. »<sup>1</sup> Kòm nou se Disip, lespri nou kapab renouvle nan modèl ak ministè Jezi ke nou wè a travè Sentespri a. Espirityalite kreyèn nan pèmèt ke nou konprann tèt nou pi byen e li fè nou konprann ke nou fè pati fanmi Bondye a tout bon. Lè nou pran tan pou nou konprann ke Bondye revele tèt li a nou menm, lavi ki nan nou a vinn pi djanm, lè konsa, nou kapab prezante tèt nou bay lòt pitit Bondye yo ak plis pasyon e plis pwisans, san nou pa rejte youn nan yo. Lè nou deside louvri kè nou bay Bondye, ke nou fè l ak pwòp volonte nou menm jan Jezi te fè l sou montay la, oswa tankou Eli ki t'al refijye nan gwòt la, Bondye mete dezi sa anndan nou pou nou sèvi li pandan n'ap sèvi pèp li a. Sitou lè n'ap chèche lajistis pou tout fanmi Bondye a.

Lè nou pran kòm abitud pou nou disipline tèt nou epi pran tan pou nou kapab etidye kiyès Bondye ye nan li menm, nou ka santi ou remake ke nou pa konn wè metòd sa nan kilti nou. Nan sosyete sa kote tout bagay ap bouje vit, yon vi kote Bondye ap adapte li a kijan n'ap viv jodi a, sa ka sanble pi enteresan ke yon Bondye ki ap mande nou pou nou kalme nou e pou nou fè silans pou nou ka konprann volonte li. Objektif espirityalite kretyèn pwofon an pa sèlman pou nou kapab konnen tèt nou, men se pou nou kapab bay tèt nou : « ...retire tout sa ki anndan nou, pou nou kapab disponib e dispoze pou nou tande apèl Bondye e pou nou kapab reponn... »<sup>2</sup> Espiriyalite sa pa sanble ak yon klèb kote se yon gwoup moun sèlman yo aksepte ladan, men li plis sanble a yon konbit, yon kantin popilè. Espiriyalite

kretyèn pwofon ankouraje Disip yo pou yo bay sa ki pa genyen yo manje, anseye kote moun pa gen liv pou yo li e pale kote enmi an fè moun fanmi Bondye a bèbè. Lè nou soumèt nou bay Sentespri padan ke nou ap mete tèt nou apa (lekti Pawòl Bondye a, lapriyè, pran yon moman pou kont nou e nan Sent Sènn), kè nou akpanse nou ekipe pou gwo travay nou genyen an pou nou pale Bòn Nouvèl la ke li te nan pye pòt kay nou ou patou nan mond lan.

<sup>1</sup> Hamm, Richard L., 2020 Vision for the Christian Church (Disciples of Christ), Chalice Press, 2001, p. 46

<sup>2</sup> Hamm. Ibid., p. 53

## VRÈ KOMINOTE A

***Nan yon vrè kominote, nou jwenn plas pou chak moun diferan, nou jwenn espas pou nou pa dakò san ke nou pa chèche yon rezon pou nou toujou defann tèt nou oswa pou noupanse ke tout moun kont nou.***

Vrè kominote a se yon gwo pati nan idantite Legliz la depi li te pran nesans (Travay 2). Li trè enpòtan tou nan Legliz Kretyèn (Disip Kris). Legliz sa ke nou wè nan liv Travay chapit 2 a, li montre nou yon vrè kominote, ki egziste pa mwayen Sentespri a kote nou gen kapasite pou nou viv ansanm : pou nou pataje tout sa nou genyen, vann byen nou yo pou nou kapab konble bezwen ki egziste nan kominote a, epi asire nou ke tout moun kapab benefisye lajistis ki nan mitan nou. Nan 1 Korènt 12 :12-27, kominote moun ki kwè yo, li reprezante tankou kò Kris la kote chak moun depann de youn lòt. Sa pèmèt yo kapab rejwi ansanm epi soufri ansanm paske lyen sa ki konekte yo a, li pwofon. Nou se Kò Kris la, legliz dwe chèche reflekte ide kominote sa nan jan nou ap swiv egzanp Kris te kite pou nou a. Vrè kominote sa pèmèt ou santi ou fè pati yon gwoup, kote ou lakay ou e kote tout moun kap mete men nan yon bagay ki pi gwo e ki gen plis enpòtans ke pwòp tèt nou. Lè nou ap viv nan yon vrè kominote, n'ap batay kont izolasyon e separasyon paske nou depann youn lòt e nou leve byen wo valè e don chak moun ki fè pati gran fanmi kretyen yo. Vrè kominote a ankouraje don chak moun olye pou nou chache pale mal de diferans nou yo oswa mankman nou yo.

Lè nou rekonèt e nou bay don sa yo valè, li pèmèt ke moun yo te mete apa yo jwenn yon plas nan mitan gwoup la, pami fowl la.

Nou kapab wè ki enpak epi kijan vrè kominote a reyèl lè tout moun chita sou Tab kay Bondye a; kote Bondye ki se chèf kay la

chita ak tout pitit li yo ki ap chèche swiv bèl egzanp li te kite ba yo a. Pitit Bondye yo akeyi tout moun ke Bondye akeyi.

Kòm nou fè pati kominote kay Bondye a, nou sipoze chèche pou nou reflekte valè yo ke Bondye te voye ba nou pa Jezi-Kri. Lè nou kenbe valè sa yo pandan ke nou ap akeyi moun e ke nou renmen pataje, aksyon sa yo konble plis ke bezwen sekirite ak bezwen konfò ke nou tout genyen. Ebre 13 :1-3 raple nou ke lè nou byen resevwa moun, gen moun ki resevwa zanj Bondye lakay yo san yo pa konn sa. Menm Jezi anseye nou nan Matye 25 :34-46 ke lè nou byen resevwa yon etranje lakay nou, se Kris menm nou akeyi lakay nou. Lè yon moun konn byen resevwa, se lè ou akeyi etranje a e ou trete li ak diyite e lè ou aksepte ke li kapab papanse menm jan avèk ou nan sa li ap di e sa ke li kwè. Nan yon vrè kominote, nou jwenn plas pou chak moun diferan, nou jwenn espas pou nou pa dakò san ke nou pa chèche yon rezon pou nou toujou defann tèt nou oswa pou noupanse ke tout moun kont nou. Vrè kominote a itilize yon langaj ki geri e rasanble moun o lye de yon lagaj ki ap simen divizyon e pwoteksyon.

Lè nou fè pati vrè kominote a, sa vle di ke nou dwe kolabore ak moun ki ap dirije kominote a. Nan istwa nou jwenn nan liv Mak 6 :31-44 ki rakonte nou lè Jezi te bay senkmil moun manje, disip yo al di Jezi pou li voye moun yo ale pou yo ka achte manje nan bouk yo. Jezi anseye ke moun ki vle swiv li e ki vle reprezante vrè kominote a, yo dwe pran fado lòt yo e li di disip yo : « Poukisa nou pa ba yo manje nou menm pito? »

Tout moun ki ta renmen eksperimente vrè kominote sa, yo gen privilèj pou yo jwi bon relasyon kote gen respè youn pou lòt. Nou se Kò Kris la, vrè kominote a vle pou lajistis e lanmou pou tout pèp Bondye a.

## YON PASYON POU LAJISTIS

***...Jezi pat sèlman fè limyè sou detrès moun ki oprime yo epi defann yo. Li te pale kont bagay sa yo ak tout zak enjistis dirijan relijye e politik yo fè. Epitou, li defann yo, san konpromi.***

Definisyon lajistis se jan nou ap viv ak moun nan yon kominote. Nou baze definisyon sa sou vizyon bibliik Chalòm (ki se vrè inite a ki fizik, emosyonèl e spirityèl). Li pran tout sans li lè nou soutni youn lòt tout bon e nou respekte diyite ak egalite chak moun epi nou konsidere yo tankou sè nou ak frè nou ki te kreye a limaj Bondye e ki fè pati fanmi Bondye a.

Pawòl Bondye a egziste tout bon lè nou manifeste lajistis ak pasyon. Plizyè fwa, pwofèt ebre yo t'ap anonse ke Bondye vle pou pèp li « fè sa ki dwat » (Miche 6 :8), ke moun ki jis la « louvri bouch li pale pou moun ki paka pale pou tèt yo » (Pwofèb 31 :8-9), ke nasyon an « renmen moun lòt nasyon yo » (Detewonòm 10 :19; Levitik 19 :34), e pou dirijan politik yo « pran defans malere yo ak moun ki san sekou yo » (Sòm 82 :3-4). Nou wè menm pasyon pou lajistis sa nan Minsitè Jezi a. Pandan fèt tradisyonèl Jibile a, nou wè nan aspè ekonomik fèt sa (kote dèt te efase e kote yo te redistribye tèt yo), Senyè nou ak Sovè nou te anonse ke li te vini pou li « anonse bòn nouvèl la bay pòv yo » e pou li « fè tout prizonnye yo konnen yo lage » (Lik 4 :18-19). Nan mesaj Benediksyon an, li te anseye ke Peyi kote Bondye Wa a se pou moun ki pòv yo e sa ki ap souffri akòz de li. (Matye 5 :1-12; Lik 6 :20-26). Jezi di nou tou ke Bondye ap jije nou sou kijan nou aji ak youn nan « pi piti pami frè nou yo » : sa ki pa gen rad, ki swaf, etranje ki nan mitan nou ak sa ki nan prizon (Matye 25 :31-46).

Paske li te gen yon pasyon pou lajistis, Jezi pat sèlman fè limyè sou detrès moun ki oprime yo epi defann yo. Li te pale kont bagay sa yo ak tout zak enjistis dirijan relijye e politik yo fè. Epi tou, li defann yo, san konpromi. Akòz sa li te fè yo, yo denonse li epi yo klouwe li kòm si li te yon gwo brigand. Lè li mouri pou peche nou yo, non sèlman li souffri epi li mouri pou sa yo, li te vle montre ke li reprezante tout viktim nou wè nan listwa, viktim vyolans,

viktim enjistis ak sa yo oprime. Men Bondye te leve'l nan lanmò, li fè'l jistis nan tout aspè lavi li ak ministè li, espesyalman pou pasyon li te genyen pou lajistis!

Pa pouvwa Sentespri, nou menm Disip yo, nou kapab montre sa Bib la di e pataje pasyon pou lajistis la. Chak tan n'ap lite kont pouvwa demon yo ki lye ak rasis pèsònèl ak rasis nou jwenn nan òganizasyon yo; chak tan nou mande tout nasyon pou yo byen resevwa etranje yo legalman e ke nou konsidere li tankou yon manm nan sosyete a ki toujou ap ogmante; chak tan nou travay pou nou pwoteje kreyasyon Bondye a kont tout sa ki te ka menase li; chak tan nou deside pou nou kanpe ak defann egalite ant fanm ak gason; chak tan nou travay pou nou frennen esklizyon ak dominasyon on gwoup moun; chak tan nou ap konbat pou nou rekonèt dwa fondamantal chak gwoup moun ki imigran lè gouvènman ap apwouve lwa ki ap kapab pwoteje moun ki imigre a ak tout fanmi li pou tout moun kapab jwi lajistis; chak tan nou ap batay pou yo mete règleman piblik ki ap pwoteje sante, inite ak byennèt tout pitit Bondye yo; chak tan Kò Kris la, menm si li divèsifye li se youn, chak tan li deside met tèt ansanm pou yo chita sou Tab Senyè a; chak tan nou fè bagay sa yo, nou reprezante moun ki kwè nan Bib la, moun ki kite Sentespri dirije yo, ki manje sou Tab Kris la, moun ki Disip ki ap pataje yon pasyon pou lajistis ki pap janm fini ke Senyè nou ak Sovè nou te kite pou nou.

## YON LEGLIZ KI POU LA REKONSILYASYON / ANTI-RASIS

**« Si yon manm nan kò a ap souffri, tout lòt yo ap souffri avè'l tou. Si yon manm resevwa lwanj, tout lòt yo kontan avèk li. Nou tout, nou se kò Kris la : nou chak se on manm nan kò sa a. »**

*1 Korent 12 :26-27*

PDG konpayi AT&T a ki rele Randall Stephenson, te kanpe devan yon gwo gwoup anplwaye epi t'ap rakonte reyaksyon li fas a yon diskou ke li te tande de zanmi li ak vwazen li tou ki rele Chris. Apre yon seri de zak vyolan ant polis ak kominote nwa yo, yo te mande Chris pou li anime yon diskisyon sou ras yo nan legliz li ya kote gen plis blan ke lòt ras yo. Chris pataje eksperyans li fè pandan tout vi li; eksperyans ki sòti depi lè li te piti pou jis li rive granmoun kote li t'ap viv anpil zak mekan. Yo ensilte li, yo refize sèvi li lè li ale nan restoran, lapolis arete li san yo pat genyen yon rezon valab epi yo te konn mande li sèvi moun pandan se chita li chita pou li ap manje yon kote. Pou li fini, li eksplike ke li toujou pran abitud sa pou li genyen lisans li sou li lè li al fè djògin (jogging) nan katye li pou lè lapolis arete li, pou li ka pwouve yo ke li abite nan zòn nan. Chris se yon veteran ki te patisipe twa fwa nan lagè, li se yon spesyalis kadyak, li se pi bon zanmi Stephenson epi li se yon Afro-Ameriken. Stephenson tèlman sezi lè li finn tande istwa bon zanmi li a paske se premye fwa li tande tout bagay sa yo. Stephenson di : «Imajine, si de zanmi ki pwòch anpil pa jwenn tan pou yo diskite sou pwoblèm rasyal ki se yon bagay ki chanje vizyon Chris, kijan nou kapab, kòm sosyete, ap atann pou nou panse menm jan sou menm sijè sa? » Lè li finn di sa, li mande

kòlèg li yo pou yo diskite sou sijè ras la pou yo kapab retire vwal silans ki sou sijè opresyon rasyal la.

Si nou vle pou nou vin yon legliz ki pou la rekonsilyasyon epi ki anti-rasis, sa vle di ke nou paka rete an silans. Sa vle di ke nou dwe idantifye « peche sa ki vlope nou fasil » ki se separasyon ak silans sou sijè ras yo ki pa gen menm privilèj nan Nò Amerik la. Silans lan se yon obstak lè ou ta renmen devlope yon relasyon ki vrè ak moun ki bò kote ou li anpeche nou antre nan po youn lòt. Lè nou ap fè travay pou nou restore ak rekonsilye moun, se kado nou jwenn nan idantite nou kòm manm nan Kò Kris la. Nan yon kò, gen anpil don ak anpil pati, men se nan menm Lespri a ke nou bwè dlo (1 Korent 12 :13). Ministè ak diskou anti-rasis pou la rekonsilyasyon, se nan yon optik espirityèl li ye. Nou konprann gen bagay ke nou poko konnen, men li beni pa fwi Lespri a.

Nan tout Nò Amerik la ak nan tout monn lan, nou menm Disip yo, nou toujou pran yon moman espesyal chak dimanch pou nou chita sou Tab Senyè a (Sent Sènn), pou nou kapab raple nou de idantite nou. Se konsa ke nou reponn a envitasyon pou nou konekte nou an tan ke manm kò a, epi pou nou kapab transfòme vi pèsònèl nou ak vi kolektif nou nan Jezi-Kri, Senyè ak Redanmèt nou. Kòm nou reprezante Legliz Nouvo Kontra a, li enpòtan pou nou pa neglije premye apèl Kontra ki di nou «se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li. » Pandan ke n'ap fè efò pou nou reyalize vizyon sa ke nou genyen sètadi : « yon legliz ki ap grandi nan fè sa ki dwat epi ki ap viv vrè kominote a, yon espirityalite kretyèn ki pwofon ak yon pasyon pou lajistis », nou

rekonèt ke se sou Tab Senyè a ke nou wè kijan nou an miyèt mòso e ke nou bezwen rekonsilye. Pandan nap fè efò pou nou fè sa yo, nou dwe enplike nou nan travay espiyèl sa kote nou dwe mobilize kò Kris la. Se pandan nou ap fè efò pou nou vini yon legliz ki pou la rekonsilyasyon epi ki anti-rasis.

Sa sa vle di pou yon legliz ki pou la rekonsilyasyon ki anti-rasis? Premyèman, fòk nou tout ta konprann rasis la menm jan. Abityèlman, definisyon yo bay pou rasis se yon ansanm atitid ak konpòtman mekan ke yon gwoup moun genyen kont yon moun oswa yon lòt gwoup moun ki pa gen desandans ki sòti an Ewòp. Konpreyansyon sa fè nou wè ke rasis la genyen yon lyen ak prejije, ak tandans lòt. Lè yon prejije ki mete moun apa konsa antre nan sistèm, règleman ak tout strikti ki genyen nan sosyete a, se lè sa rasis la gen pouvwa pou li ankouraje opresyon ak detwi moun ak gwoup moun ki nwa yo. Se lè sa tou ke rasis la pran nesans menm si se detwi nou ta renmen detwi li.

Pa egzanp, yon sistèm lwa ki ankouraje otorite polisye yo arete yon moun yo wè ki sanble gen zansèt ki sòti nan Sid Amerik la ak tout Amerik Santral la. Pwogram sa yo pèmèt règleman sa yo mete yon etikèt sou moun epi li vyole dwa tout imen yo, pa sèlman dwa yon moun. Sa se tankou yon etikèt ki reyèl epi nou pa reyalize ke se nan non nou li ap manifeste. Lè gen yon gwoup moun nan yon kominote kap sibi move tretman, pandan ke gen yon lòt gwoup moun ki pa viv menm vye zak sa yo, se idantite tout kominote a ki sal. Lè rasis la nan tout strikti ak enstitisyon yon soyete epi li bay yon ras plis dwa ke yon lòt, li pèmèt ke tout sosyete a gen prejije san yo pa rann yo kont ki transfòme an entolerans oswa yo defòme idantite valè imen yo.

Lè nou deside pale sou sijè rasis la nan kominote nou yo ak nan enstitisyon nou yo, se yon aksyon ki mande anpil kouraj. Lè nou kòmanse pale de sa, sa ki ede nou, se lè nou deside pwoteje epi kenbe diyite ak valè chak imen. Randall Stephenson ankouraje

kòlèg li yo pou yo kòmanse diskite sou sijè a ak kesyon sa : « Sak fè zanmi mwen (ou mèl ajoute non yon vwazen, yon moun ki ap konbat enjistis, yon moun ki nan sal la, yon manm legliz, eks.) santi li konsa? » Kòm nou se manm kò Kris la, nou dwe trase egzanp lan. Lè nou kòmanse diskite ak poze tèt nou kesyon sou tout règleman ak politik ki rasis nan sosyete a, fòk nou kòmanse pran konsyans de eta nou : gen divizyon nan mitan nou. Lè nou finn reyalize sa, fòk nou gen dezi sa pou nou rekonsilye. Genyen yon gwo espas ki separe sa ki viktim rasis nan legliz yo ak sa ki pap viv li. Lè konsa, nou dwe atake espas sa ak kouraj pou nou kapab ajan chanjman pou moun, pou òganizasyon yo jiskaske li afekte kilti nou.

Nou deside atake espas sa, menm jan Jezi te prezante li devan Jerizalèm menm lè li te konnen li ta pral soufri epi mouri sou kwa a pou nou kapab genyen lavi. Se a soufrans sa ke nou ap panse chak tan nou ap pran la Sent Sèn pou nou kapab renouvle an tan ke manm kò Kris la.

Nou dwe rete sou Tab la, epi chèche retounen sou Tab sa jiskaske nou santi nou djanm pou nou akonpli ministè rekonsilyasyon an. Travay legliz yo gen pou fè nan ministè rekonsilyasyon epi batay kont rasis, se yon travay ki ap reyalize nan plizyè jenerasyon.

Sa mande pou nou pase pa konvèsasyon ki difisil, pou nou konfese youn lòt ak senterite ak yon angajman ki vrè. Lè konsa, nou renouvle konvèsyon nou. Eitou, sa mande yon renouvèlman espiyèl. Renouvèlman sa pa sèlman nan kè nou ak panse nou, men nan enstitisyon yo ak tout sistèm yo.

Pa bliye, pou nou kapab pwospè, fòk tout pitit Bondye yo patisipe nan reyisit la. Kòm nou di : « Si yon manm nan kò a ap soufri, tout lòt yo ap soufri avè'l tou. Si yon manm resevwa lwanj, tout lòt yo kontan avè'l. Nou tout, nou se kò Kris la : nou chak se yon manm nan kò sa a. » Ebyen, ke li fèt konsa...

## KONKLIZYON

***Nou menm, Legliz Kreyèn (Disip Kris), ansanm ak lòt legliz yo ak tout sa ki kwè yo, Bondye rele nou pou nou « fè sa ki dwat, gen kè sansib nan tout sa n'ap fè, epi mache san lògèy devan li. »***  
(Miche 6 :8)

Nou gen plis kapasite ke nou te ka imajine pou nou kreye yon chanjman sosyal epi pou nou trase yon wout pou lajistis. Dezi kè nou ki ranpli ak lafwa, se pou nou aji nan espiyèlite pwofon, nou ta renmen pou nou rekonsilye ak lemond, menm jan nou jwi lapè sa ak Kris. Nou te aprann ke ministè rekonsilyasyon ak lè nou ap chèche fè jistis, yo gen efè lè se moun ki pa vyolan ak moun ki louvri lespri yo bay Sentespri Bondye a ki enplike ladan yo. Kòm nou chak gen yon kò diferan nan Kris men nou reyini nou tout ansanm kòm Kò Kris la, nou vle pou nou fòme vrè kominote kote pa gen povrete, rasis, seksis, eskizyon, vyolans ak enjistis. Sali nou makonnen ak sali frè ak sè nou yo, nou kwè sa.

Se Konsa, Li rele nou pou nou ini nou nan yon monn ki fann an miyèt mòso. Menm jan premye disip Jezi yo te met tèt yo

ansanm pou yo pataje yon repa, rakonte kèk istwa ak pataje kominote a, nou menm Disip, nou pataje inyon an (Sent Sèn). Pandan ke nou ap bay pwòp tèt nou, nou pataje blesi nou yo, soufrans, fot ak tout pè nou yo. Menm jan nou ka santi nou toupizi ou byen nou viktim enjistis, se konsa nou kapab wè inite ak sentete pran plas nan kominote a. Se la nou kapab konprann mistè lafwa nou an. Nou deside pataje lanmou, pa paske nou panse nou pafè, men menm nan mitan dezòd, konfizyon ak lè moun deside fenmen pòt kè yo, se pou nou fè sa. Lè nou reyini bò Tab Senyè nou an, sa vle di pou nou aprann renmen youn lòt pandan n'ap manje ansanm san nou pa gade sou laj, sèks, klas sosyal, ras, oryantasyon seksyèl, kwayans politik, andikap ou non moun nan.

Se nan Festin Lajistis sa ke nou deside resevwa tout moun, menm jan Bondye te resevwa nou.

Men, konba sa ak tout lè nou ap chèche lajisis, ka pèdi tout pwisans li si nou pa posede prezans sa ki ranpli nou ak lapè ki sòti nan Bondye epi ki manifeste nan Jezi Kri. Prezans sa, nou santi li nan tout pwofondè nanm nou pa Sentespri a ki vibre

nan tout venn nou epi ki koule nan tout kò nou pou li sòti al jwenn moun ki nan lemond. Nou se ajan pou lajistis ak lanmou Bondye, jan li ekri nan Pawòl la. Nou konprann epi nou ap viv vizyon Bib la! Nou se Legliz Kreyèn (Disip Kris); kote menm lè nou enpafè men nou wè epi nou viv Lanmou pafè a ki defann lajistis nan yon monn ki ranpli ak angwas ak opresyon. Nou kwè nan prezans Bondye ki tout kote epi ki ka rekonsilye, menm lè gen angwas ak divizyon. Nou vle preche la Bòn Nouvèl ke nan Lanmou pa gen kè kase, epi menm lè nou ta soufri doulè zak injistis Vandredi Sen an nou ap leve kanmenm jou Pak la, nou ap wè gras Bondye ki manifeste nan Jezi Kri, Senyè nou : ki kapab resisite ak transfòme. Nou se yon legliz ki konprann epi ki gen yon pasyon pou sa Bondye ap atann de nou : pou nou fè sa ki dwat.

## GID POU ETID

**Chak grenn nan 4 etid sa yo ki sòti nan Entwodiksyon sou Lajistis la yo pran anviron 60 minit pou fè yo. Ou gen dwa itilize yo jan ou wè nou prezante yo oswa chanje yo pou yo kapab adapte ak kontèks pa ou.**

### Miche 6 :8

***Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.***

### Deklarasyon idantite Disip yo

***«Nou se Disip Kris, Yon mouvman pou linité nan yon monn ki fann an miyèt mòso. Nou fòme yon pati nan Kò Kris la, nou akeyi tout moun bò Tab Seyè a menm jan Bondye te akeyi nou tou.» (Apwouve pa Konsèy Jeneral 2008 la)***

### Deklarasyon vizyon Disip yo

***« Yon legliz ki fidèl, ki ap grandi nan fè sa ki dwat epi ki ap viv vrè kominote a, yon espirityalite kreyèn ki pwofon ak yon pasyon pou lajistis. »***

## SESYON # 1

### Espirityalite Kreyèn Pwofon

***«Lè li fin voye yo ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou-l lapriyé. Solèy te fin kouche, li te la toujou pou kont li.» Matye 14 :23***

Pandan ou pral kòmanse premye etid sou Espirityalite Kreyèn Pwofon, pran 5 minit pou ou kapab li Miche 6 :8 ki ekri nan komansman pati sa (Ou kapab li pasaj sa nan plizyè lòt vèsyon). Ou mèt li Entwodiksyon dokiman sa epi poze gwoup la kesyon sila yo :

1. Ki definisyon nou ka bay pou mo disip la? Yon moun ki ap swiv Kris vivan an?

2. Kòman nou kapab chèche inite nan yon monn ki fann an miyèt mòso?
3. Ki gwosè tab ou ye?
4. Ki definisyon nou ka bay pou yon vrè kominote?
5. Ki definisyon nou ka bay pou yon espirityalite kreyèn pwofon?
6. Ki definisyon nou ka bay pou lajistis epi kijan nou kapab devlope yon pasyon pou li?

Li pasaj bibliik la ak tout seksyon sou espirityalite kreyèn pwofon nan dokiman Entwodiksyon sou lajistis. Pran anviron 5 minit pou nou kapab reponn kesyon 2 ak 3.

1. Li « Espirityalite Kreyèn Pwofon » nan Entwodiksyon sou lajistis la.
2. Ki kòte ou jwenn yon plas pou ou kapab priye pou kont ou?
3. Nan ki moman nan vi ou ou remake ke ou te viv yon renouvèlman ki make ou?

Envite gwoup la pou li pran yon moman an silans. Ou gen dwa priye si ou santi pou ou fè sa, men li pa nesèsè. Eseye konsyan de moun ki bò kote ou; ou pa bezwen dekonekte mantalman, men pandan ou an silans rete konsyan de sa ki ap fèt la. Reflechli a ki kote lespri ou ap vwayaje lè ou pran yon moman an silans. (5 minit)

Preywa 10 minit pou ou diskite sou kesyon sa yo :

1. Pataje sa ou te eksperimente lè ou te pran moman silans lan.
2. Ki definisyon ou ka bay sou espirityalite jan Jezi wè li a? Bay plis detay.
3. Kijan ou kapab eksplike ke plis relasyon ou ak Bondye pwòch, li pèmèt ou kapab sèvi epi renmen pitit Bondye yo?
4. Kijan ou fè pou ou kapab tande vwa Bondye? Kilè epi kibò ou santi ou pi pwòch Bondye? Sa ki fè ou santi ke prezans li reyèl?

Envite moun yo pou yo fè yon dessen sou yon moman ou yon kote yo te santi yo pre Bondye. Pa bliye mete moun ki te la yo ak tout kontèks la. Poze kesyon sa : « Eske ou te rele Bondye oswa ou te remake ke Bondye te deja la ? » (10 minit)

Preywa 5 minit pou ou diskite sou kesyon sa yo :

1. Nonmen obstak ki kapab anpeche nou louvri kè nou bay Bondye.
2. Kijan ou kapab fè pou ou ofri tèt ou bay Bondye?

Envite gwoup la pou li dekri yon moman kote yo te patisipe nan yon evènman kote yo te fè manje an kominote epi kibò yo te bay moun ki pa genyen yo manje, oswa nan yon kote ki akeyi moun ki pa gen kay, oswa nan yon ministè ki ede moun ki pa genyen yo. Mande yo : « Eske eksperyans sa te ede ou pou ou vini pi pre Bondye ou byen li te yon aksyon ou fè sèlman pou ou konble bezwen yon lòt moun? » (10 minit)

Finis sesyon sa sou Tab Senyè a pou Sent Sèn nan. Pandan n'ap pataje pen an ak koup la, pataje yon mo oswa yon fraz ki ka eksplike sa sa vle di pou ou eksperimente prezans Bondye pèsònèlman. (10 minit)

## SESYON # 2

### Vrè kominote a

**« Tout moun ki te kwè yo t'ap viv ansanm youn ak lòt. Yo te mete tou sa yo te genyen ansanm. Yo vann tè yo ak tout byen yo, yo separe lajan an pami yo tout, dapre nesestite chak moun. »**

*Travay 2 :44-45*

Kòmanse sesyon sa nan lekti pasaj sa ak tout seksyon vrè kominote a nan Entwodiksyon sou lajistis la. Prewa 5 minit pou ou diskite sou kesyon 2 ak 3.

1. Li « Vrè kominote a » nan Entwodiksyon sou Lajistis la.
2. Kisa ki te kapab anpeche ou vann tout sa ou genyen yo pou ou ede lòt moun?
3. Kisa ki anpeche Legliz jodiya pou li mete tout sa manm yo genyen ansanm?

Prewa 10 minit pou ou fini aktivite sa. Panse ak tout sa ou genyen ki gen anpil valè. Kiyès nan bagay sa yo ou santi ou paka bay? Poukisa? Kisa ki fè yo gen anpil valè pou ou? Sa ki te kapab konvenk ou pou ou vann byen ou yo pou ou ede yon lòt moun? Bay plis detay.

Prewa 10 minit pou ou reponn kesyon sa yo:

1. Li 1 Korint 12 :12-27. Kòman ou kapab dekri liyen sa ki konekte ou ak lòt moun ki kwè yo? Eske ou gen plis fasilite pou ou konekte ou avèk yon kategori moun? Sa ki fè sa?
2. Kijan ou kapab defini santiman sa ke ou fè pati yon gwoup? Kijan santiman sa diferan de lòt ou deside fè pati yon legliz?
3. Eske ou janm san ti ou fè pati yon gwoup jiskaske yon moun di ou ke ou pa fè pati gwoup la klèman? Ki efè sa te fè sou ou, ke yo mete ou apa de yon gwoup?

Bay chak moun nan gwoup la yon fèy papye epi mande yo pou yo ekri non yo nan tèt fèy la. Pase fèy sa yo bay lòt moun ki nan gwoup la epi chak moun dwe ekri yon mo oswa yon fraz ki an rapò ak moun ki te ekri non li nan tèt fèy la. Ou gen dwa tou pou ou fè yon dessen ankourajman. Lè tout moun finn ekri, ou ka retounen chak fèy bay mèt yo epi kite yo pran on ti tan pou yo li sa ki te ekri sou fèy yo. (10 minit)

Prewa 5 minit pou ou diskite sou kesyon sa yo :

1. Kijan ou konn resevwa moun? Kijan yo konn resevwa ou? Eske gen yon mo oswa yon aksyon ki poze ki fè yon moun ka santi yo byen resevwa li? Sa ki fè yon moun kapab pa santi yo byen resevwa li nan yon sitiyasyon oswa nan yon kote?

2. Kisa ou wè ki pi difisil lè ou ap resevwa yon moun ki pa sanble avèk ou? Eske li pi fasil pou ou resevwa yon moun ki sanble ou?

Li Matye 25 :34-46 epi poze gwoup la kesyon sa : « Kijan nou kapab di ke lòt nou resevwa yon etranje se Kris la nou ap resevwa? »

Prewa 10 minit pou ou reponn kesyon sa yo:

1. Kijan ou kapab ede yon moun san ou pa sal diyite li? Kilè ou te wè yon moun yo pat respekte diyite li? Kijan nou te kapab jere sitiyasyon sa yon lòt jan?
2. Eske li pi fasil pou ou akeyi divèsite ras oswa divèsite nan kwayans, nan teyoloji, nan filozofi oswa lide? Poukisa?

Finis sesyon sa sou Tab Senyè a pou Sent Sèn nan. Pandan n'ap pataje pen an ak koup la, pataje yon mo ki ka beni yon moun pa rapò ak don li genyen epi ki kapab ede kominote a. (10 minit)

## SESYON # 3

### Yon pasyon pou lajistis

**« Louvri bouch ou pale pou moun ki pa ka pale pou tèt yo. Defann kòz moun ki san sekou yo. Pale pou yo. Pa fè patipri. Defann kòz malere yo ak endijan yo. » Pwovèb 31 :8-9**

Kòmanse sesyon sa nan lekti pasaj sa ak tout seksyon vrè kominote a nan Entwodiksyon sou lajistis la. Prewa anviron 10 minit pou ou diskite sou kesyon 2,3 ak 4 la.

1. Li « Yon pasyon pou lajistis » nan Entwodiksyon sou lajistis la.
2. Ki definisyon nou kapab bay pou lajistis? Kijan nou kapab wè li manifeste? Bay kèk egzanp de aksyon ki jis...
3. Sa pa janm rive nou pou nou chèche lajistis tout bon? Pou tèt nou? Pou yon lòt moun?
4. Ki bagay ki kapab ankouraje w leve kanpe pou ou pran pozisyon pou sa ki dwat? Eske se yon bagay oswa yon moun ki pwòch ou epi ke ou renmen anpil? Eske se yon bagay ki gen yon rapò nasyonal? Yon enjistis ki pi global?

Envite gwoup la pou li reflechi sou defann kòz nan sikonstans sa yo. Prewa 10 minit pou nou diskite sou sitiyasyon sa yo :

1. Si yo te akize ou oswa yo te mete ou deyò nan yon djòb san yo pa eksplike ou poukisa.
2. Si yo entimide pitit ou lekòl li.
3. Si pwogram oswa bidjè gouvènman yo kreye yon kriz nan finans yon gwoup oswa yon kategori moun.
4. Si yon lòt gouvènman aksepte pou yo touye sitwayen li yo oswa pou yo tòtire yo.

Nan kiye nan ka sa yo ou tap defann kòz yo? Kisa ki diferansye sitiyasyon sa yo?

Prevwa 10 minit pou ou reponn kesyon sa yo:

1. Kilè nou wè Jezi te defann kòz malere yo? Kisa ki te fè li te wè genyen enjistis? Eske li te remake enjistis sa oswa se yon lòt moun ki te di li sa?
2. Li Matye 25 :31-46. Kisa pasaj sa anseye nou sou jan nou ta sipoze chèche defann kòz moun? Ki moun nou konnen ki viktim enjistis? Kijan nou kapab reponn a sitiwayon sa?

Raple gwoup la ke Jezi te pale de abi pouvwa dirijan espirityèl ak politik yo, epi li te vle pou li soulaje malere yo. Yo te krisifye li tankou yon moun ki te fè la diferans. Mande gwoup la : « Eske ou konn panse ak konsekans ki te ka rive si ou te deside denonse enjistis nan pouvwa yo? Lè ou wè zak ki enjis, eske ou konn pè konsekans ki te ka rive si ou te kanpe kont yo?» (10 minit)

Prevwa 10 minit pou ou reponn kesyon sa yo:

1. Ki tip enjistis ou konn wè nan antouraj ou? Eske se yon gwoup ki viktim? Eske se yon enjistis fas ak ras moun nan? Sèks li? Oriyantasyon seksyèl li? Laj li? Kwayans li?
2. Eske esklizyon oswa dominasyon se yon enjistis? Eske ou wè yon enjistis lè yon gwoup moun pa gen aksè pou bezwen imen yo konble?
3. Gen yon chante ki di : « Yo va konnen nou se kretyen lè nou renmen tout bon. » Eske nou panse ke moun yo ap konnen tout bon ke nou se kretyen nan jan nou renmen yo nan jan nou defann kòz yo? Kisa nou kapab fè an tan ke kretyen pou nou defann kòz malere yo?

Fini sesyon sa sou Tab Senyè a pou Sent Sèn nan. Pandan n'ap pataje pen an ak koup la, priye pou sa ki pa gen anyen pou yo manje ni bwe. (10 minit)

## SESYON # 4

### Yon Legliz ki pou la Rekonsilyasyon / Anti rasis

**« Si yon manm nan kò a ap souffri, tout lòt yo ap souffri avè l tou. Si yon manm resevwa lwanj, tout lòt yo kontan avèk li. Nou tout, nou se kò Kris la : nou chak se yon manm nan kò sa a. »**

*1 Korènt 12 :26-27*

Kòmanse sesyon sa nan lekti pasaj sa ak tout seksyon vrè kominote a nan Entwodiksyon sou lajistis la. Prevw a anviron 10 minit pou ou diskite sou kesyon 2,3 ak 4 la.

Poze kesyon sa yo pou ou reflechi ak diskite :

1. Li « Yon Legliz ki pou la Rekonsilyasyon / Anti Rasis » nan Entwodiksyon sou lajistis.
2. Kisa ou konprann lè nou di ou ke Disip Kris yo se moun ki chita sou Tab la?
3. Ki definisyon ou ka bay pou rasis? Si se nan yon gwoup ou ye, ki definisyon gwoup ou a bay pou rasis?

4. Sou ki fòm ou byen kijan nou ka rekonèt rasis nan sosyete a?

Gade prezantasyon Randall Stephenson te prezante bay ekip travay li a nan konpayi AT&T a. Prevw a anviron 20 minit pou ou gade videyo a (an anglè) e pou ou reponn kesyon yo.

[https://www.youtube.com/watch?v=ThO74oFt\\_Q&feature=youtu.be](https://www.youtube.com/watch?v=ThO74oFt_Q&feature=youtu.be)

1. Pataje sa ou panse swa nan yon gwoup oswa ekri nan yon jounal. Kibò ou kapab wè rasis ki nan sosyete a epi ki repete souvan nan istwa Randall ak Chris la?
2. Kijan lafwa ou kapab fè ou konprann pi byen kijan pou ou vin yon legliz ki pou la rekonsilyasyon ak anti rasis?

Envite gwoup la pou li reflechi pandan yo ap reponn kesyon sa yo. Prevw a anviron 15 minit.

1. Kijan relasyon ou ak Bondye oswa espirityalite, prepare ou pou ou kapab aktif nan yon ministè pou la rekonsilyasyon ak anti rasis?
2. Lè ou konprann vrè kominote a, kijan sa pèmèt ou pou ou wè enpòtans pou ou kreye yon mouvman pou la rekonsilyasyon?
3. Kijan ou kapab manifeste pasyon ou pou lajistis pandan w'ap vin yon legliz ki anti rasis? Kijan ou kapab ale pi lwen ke egalite?

Konklizyon (15 minit)

Pandan ou ap fini ak sesyon sa, reyini nou sou Tab Senyè a pou Sent Sèn nan. Envite chak moun nan gwoup la pou yo koute pawòl sa yo ke nou jwenn nan konklizyon Entwodiksyon sou lajistis la :

«Nou vle preche la Bòn Nouvèl ke nan Lanmou pa gen kè kase, epi menm lè nou ta souffri doulè zak injistis Vandredi Sen an nou ap leve kanmenm jou Pak la, nou ap wè gras Bondye ki manifeste nan Jezi Kri, Senyè nou : ki kapab resisite ak transfòmè. »

Pandan nou ap pataje pen an ak koup la sou tab la, imajine gwo tab Dr Watkins te pale a, ke nou te imajine nan Entwodiksyon dokiman sa, epi sonje kijan gras Bondye ap manifeste nan lavi nou epi ki siyifikasyon tab la genyen chak fwa nou reyini bò kotel.

Tab sa Bondye ba nou li kòm kado pa mwayen Sentespri li, longè li blayi sou plizyè kilomèt epi li travèse tan pou'l rive kote Jezi chita nan tèt li kòm moun kap resevwa nou, chak grenn pitit Bondye yo jwenn yon plas kote yo an sekirite, kote lajistis ap boujonnen.

---

*Entwodiksyon sou lajistis te pibliye nan edisyon Prentan 2012 lan nan dokiman « **The Disciples Advocate** ». Se « Disciples Home Mission » nan Indianapolis, Indiana ki te responsab piblikasyon an. Ou kapab telechaje Entwodiksyon sou lajistis sou sit : <http://disciples.org>.*